

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Dina ngagunakeun basa Sunda, teu leupas tina makéna tatakrama basa Sunda. Kamahéran dina ngagunakeun tatakrama basa Sunda saenyana diluyukeun jeung umur, kalungguhan, situasi nu nyarita jeung nu diajak nyarita katut nu dicaritakeunana. Pentingna ngagunakeun tatakrama basa Sunda nyaéta sangkan masarakat Sunda bisa silihajénan, silihormat, silihasah, silihasuh, jeung leuwihna bisa miboga paripolah nu luhung dina campur gaul. Ku ayana tatakrama basa Sunda éta hal téh bisa diwujudkeun.

Ayana ragam hormat dina basa Sunda ngébréhkeun kautamaan budi. tatakrama basa Sunda nuduhkeun yén basa Sunda téh beunghar ku basa nepi ka aya paribasana hadé ku omong goréng ku omong, hadé tata hadé basa, sarta hadé gogog hadé tagog. Éta hal méré gambaran urang Sunda téh soméah, marahmay, teu lebar ku basa. Ku kituna, basa Sunda wajib dipiara, dimumulé ku jalan digunakeun basana kalayan ngagunakeun ogé tatakrama basana salaku cicirén urang Sunda. Ngagunakeun basa Sunda lain di imah waé salaku média komunikasi, tapi leuwih alusna dina pangajaran di sakola ogé boh dina nyarita boh dina ngaregepkeun, atawa dina maca jeung nulis.

Basa Sunda digunakeun di dunya paélmuan kitu ogé di dunya pangajaran. Pangajaran basa Sunda di sakola SMP miboga tujuan sangkan murid nyangkem kana opat kaparigelan basa. Opat aspék kaparigelan basa téh nyaéta ngaregepkeun, nyarita, maca, jeung nulis. Éta Opat aspék mangrupa hal nu sarua pentingna pikeun ngaronjatkeun widang *kognitif*, *aféktif*, jeung *psikomotor* murid sacara saimbang, tur leuwih museur kana kamahéran dina ngagunakeun basa Sunda boh lisan boh tulisan.

Dina pangajaran di sakola, kaparigelan nulis mangrupa salahahiji tina opat aspek kaparigelan basa nu geus disebutkeun di luhur. “Nulis digunakeun pikeun ngalaporkeun atawa méré nyaho, jeung mangaruhan. Éta hal miboga maksud jeung tujuan nu bisa dihontal ku jalma-jalma nu bisa nyusun pikiranana jeung bisa ngébréhkeunnana kalayan jelas, maksudna jelas gumantung kana pikiranana, organisasi, ngagunakeun kekecapanana jeung struktur kalimah” Morsey (Tarigan, 2008, kc. 4).

Jaman kiwari ngagunakeun tatakrama basa téh kawilang héngkér pisan. Dina kahirupan sapopoé, urang Sunda loba nu henteu ngagunakeun basa Sunda komo deui dina ngagunakeun tatakrama basa Sundana mah. Éta hal ku sabab loba kolot-kolotna nu teu ngawanohkeun jeung teu ngalarapkeun basa Sunda ka barudakna. Alesanna rupa-rupa, diantarana lantaran hésé ngagunakeun tatakrama basana, sieun salah, jeung géngsi.

Héséna kamampuh ngagunakeun tatakrama basa Sunda di jaman kiwari, alatan budaya batur geus asup jeung mangaruhan kana budaya Sunda. Salian ti éta euweuh *filterisasi*, nu matak ngabalukarkeun masalah nu gedé. Kaasup masalah siswa nu nyebutkeun makéna basa Sunda mah hésé, komo jeung ngagunakeun tatakrama basa Sundana mah boh lisan boh tinulis.

Dumasar hasil *obsérvasi* tanggal 28 Nopémber 2013 di SMP Negeri 45 Bandung, siswa VIII-E taun ajaran 2013/2014, tépéla miboga masalah kurangna kamampuh ngagunakeun tatakrama basa Sunda dina basa tinulis. Sajaba ti éta, tina pangajaran nulis téhnik pangajaran anu digunakeun ku guru masih *konvénisional*. Nilik kana éta hal perlu hiji tarékah pikeun ngungkulanan.

Masalah nu dialaman ku siswa dina nulis kalawan ngagunakeun tatakrama basa Sunda téh kudu diungkulau, lantaran éta hal luyu jeung SKKD nu kudu dihontal ku siswa. SKKD nu aya patalina jeung ieu masalah téh nyaéta 8.4 *Mampu menulis untuk mengungkapkan pikiran, perasaan, dan keinginan dalam*

bentuk surat, esai, laporan, sisindiran dan guguritan sarta kompetensi dasarna
8.4.3 *Menulis laporan* (Disdik, 2007, kc. 96).

Dina pangajaran nulis diperlukan *stimulus* nu mampuh ngaronjatkeun *motivasi* siswa. Ngaronjatkeun kaparigelan nulis, bisa dipimilih jeung dicangkem ku cara prakték tuluy-tuluyan. Prosés *kréatif* nulis ngagunakeun tatakrama basa Sunda nu merenah bisa dimekarkeun ti diri siswa éta sorangan. Salian ti latihan, téhnik pangajaran ogé penting pikeun ngarojong tujuan nu rék dihontal.

Téhnik pangajaran mangrupa hiji aspek penting nu digunakeun dina prosés pangajaran. Pikeun ngungkuluan masalah nu diébréhkeun tadi, panalungtik milih hiji téhnik pangajaran, nyaéta *think-talk-write* (nu saterusna disingget TTW).

Nurutkeun Ansari nu dicutat ku Kuswari dina Iskandarwassid (2009, kc. 143) téhnik pangajaran TTW mimiti diwanohkeun ku Humker jeung Laughin. Ieu téhnik pangajaran didadasaran ku cara mikir, nyarita, jeung nulis. Galur TTW dimimitian ku *partisipasi* siswa dina mikir, sabada prosés maca. Tuluy kana prosés nyarita, ku cara *sharing* jeung babaturan saacan kana prosés nulis. Kaayaan saperti kitu, leuwih *éfektif* lamun dilakukeun ku cara dibagi kelompok nu *heterogen* antara 3-5 urang siswa. Dina éta kelompok, siswa diperedih sangkan maca, nyieun catetan leutik, ngajelaskeun, ngaregepkeun, ogé bisa silih tukeuran *ide* jeung babaturan kelompok tuluy ngébréhkeun ngaliwatan tulisan.

Saméméhna geus aya panalungtikan ngeunaan tatakrama basa Sunda, di antarana panalungtikan nu judulna:

“Kamampuh Ngalarapkeun Tatakrama Basa Sunda dina Nulis Surat Pribadi Siswa SMA Pasundan 8 Bandung” ku Witri Ermawati Taun 2007”.

Éta panalungtikan beunang Witri Ermawati téh aya saruana, aya bédana jeung ieu panalungtikan. Saruana nyaéta medar ngeunaan tatakrama basa Sunda. Sedengkeun bédana nyaéta dina éta panalungtikan ngukur kamampuh tatakrama basana dina dina nulis surat pribadi, sedengken dina ieu panalungtikan mah dipedar ngeunaan nulis laporan lalampahan ngagunakeun téhnik TTW. *Objék* nu

dijadikeun sumber data panalungtikanna ogé bédha, ari beunang Witri Ermawati mah siswa SMA Pasundan 8 Bandung sedengkeun dina ieu panalungtikan mah *objék* nu jadi sumber data panalungtikanna nyaéta siswa SMP Negeri 45 Bandung kelas VIII-E taun ajaran 2013/2014.

Lian ti skripsi nu di luhur nu geus diébréhkeun, aya ogé panalungtikan séjén nu ampir sarua jeung ieu panalungtikan nu judulna:

“Modél Pangajaran *think-talk-write (TTW)* dina Pangajaran Nulis Téks Hasil Wawancara (Studi Kuasi Ékspérимén ka Siswa Kelas IX SMP Negeri 1 Dayeuh Kolot Taun Ajaran 2010/2011) Ku Kemala Drama Putri 2011.”

Sakumaha nu geus diébréhkeun di luhur, yén dina éta panalungtikan beunang Kemala Putri aya saruana aya bédana jeung ieu panalungtikan. Saruana aya dina ngagunakeun téhnik pangajaran TTW, tuluy ngukur kamampuhna dina aspék nulis. Sedengkeun bédana, éta panalungtikan teu maluruh kamampuh ngagunakeun tatakrama basa, *objék* nu jadi sumber datana ogé bédha.

Dumasar kana pedaran di luhur, ieu panalungtikan dijudulan “Téhnik Pangajaran *Think-Talk-Write (TTW)* pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Ngagunakeun Tatakrama Basa Sunda dina Nulis Laporan Lalampahan (Studi Kuasi Ékspérимén ka Siswa Kelas VIII-E di SMP Negeri 45 Bandung Taun Ajaran 2013/2014)” perlu dilaksanakeun.

1.2 Watesan Masalah jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Watesan Masalah

Dumasar kana kasang tukang panalungtikan, sangkan ieu panalungtikan puguh ambahana tangtuna kudu miboga watesan sangkan henteu kamana karep. Ku kituna ieu panalungtikan diwatesanan ngan dipedar masalah nu aya patalina jeung téhnik pangajaran TTW pikeun ngaronjatkeun kamampuh siswa Kelas VIII-E SMP Negeri 45 Bandung taun ajaran 2013/2014 dina ngagunakeun tatakrama basa Sunda dina nulis laporan lalampahan. Perlu digurat badagan, ieu

panalungtikan museur kana ngaronjatkeun kamampuh ngagunakeun tatakrama basa Sunda dina ngagunakeun téhnik pangajaran TTW.

1.2.2 Rumusan Masalah

Sangkan leuwih écés ieu masalah panalungtikan dirumuskeun dina wangu kalimah pananya saperti ieu di handap.

- 1) Kumaha kamampuh siswa SMP Negeri 45 Bandung kelas VIII-E taun ajaran 2013/2014 ngagunakeun tatakrama basa Sunda dina nulis laporan lalampahan saméméh ngagunakeun téhnik pangajaran *Think-Talk-Write (TTW)*?
- 2) Kumaha kamampuh siswa SMP Negeri 45 Bandung kelas VIII-E taun ajaran 2013/2014 ngagunakeun tatakrama basa Sunda dina nulis laporan lalampahan sabada ngagunakeun téhnik pangajaran *Think-Talk-Write (TTW)*?
- 3) Naha aya béda antara kamampuh SMP Negeri 45 Bandung kelas VIII-E taun ajaran 2013/2014 ngagunakeun tatakrama basa Sunda dina nulis laporan lalampahan saméméh jeung sabada ngagunakeun téhnik pangajaran *Think-Talk-Write (TTW)*?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Ieu panalungtikan miboga tujuan. Tujuan dina ieu panalungtikan aya dua, nyaéta tujuan umum jeung tujuan husus. Sangkan leuwih écés bisa dipedar ieu di handap.

1.3.1 Tujuan Umum

Sacara umum ieu panalungtikan saenyana miboga tujuan, nyaéta ngukur kamampuh siswa SMP Negeri 45 Bandung kelas VIII-E taun ajaran 2013/2014 ngagunakeun tatakrama basa Sunda dina nulis laporan lalampahan ngagunakeun téhnik pangajaran TTW.

1.3.2 Tujuan Husus

Tujuan husus tina ieu panalungtikan nyaéta ngadéskripsikeun:

- 1) kamampuh siswa SMP Negeri 45 Bandung kelas VIII-E taun ajaran 2013/2014 ngagunakeun tatakrama basa Sunda dina nulis laporan lalampahan saméméh ngagunakeun téhnik pangajaran *Think-Talk-Write (TTW)*;
- 2) kamampuh siswa SMP Negeri 45 Bandung kelas VIII-E taun ajaran 2013/2014 ngagunakeun tatakrama basa Sunda dina nulis laporan lalampahan sabada ngagunakeun téhnik pangajaran *Think-Talk-Write (TTW)*; jeung
- 3) bédana antara tingkat kamampuh siswa SMP Negeri 45 Bandung kelas VIII-E taun ajaran 2013/2014 saméméh jeung sabada ngagunakeun téhnik pangajaran *Think-Talk-Write (TTW)* dina nulis laporan lalampahan ngagunakeun tatakrama basa Sunda.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Panalungtik miharep dina ieu panalungtikan bisa méré mangpaat boh keur panalungtik boh keur nu maca kaasup masarakat umum, lembaga atikan atawa pihak-pihak séjén nu miboga kapentingan kana ieu panalungtikan. Mangpaat nu dipiharep dina ieu panalungtikan ngawengku mangpaat tioritis jeung mangpaat praktis.

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Mangpaat tioritis nu dipiharep tina ieu panalungtikan nyaéta panalungtikan nu dilaksanakeun bisa méré informasi ngeunaan téhnik pangajaran TTW pikeun ngaronjatkeun kamampuh siswa SMP Negeri 45 Bandung kelas VIII-E taun ajaran 2013/2014 ngagunakeun tatakrama basa Sunda dina nulis laporan lalampahan.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Mangpaat praktis nu dipiharep dina ieu panalungtikan nyaéta, pikeun 1) siswa, 2) guru, jeung 3) panalungtik.

1) Pikeun Siswa

Mangpaat pikeun siswa nyaéta, bisa leuwih resep nulis jeung nambahann pangaweruh ngagunakeun tatakrama basa Sunda nu merenah dina nulis laporan lalampahan.

2) Pikeun Guru

Mangpaat pikeun guru nyaéta, dipiharep ieu panalungtikan bisa jadi tinimbangan dina ngungkuluan bahan pangajaran nalika ngalaksanakeun prosés KBM (kegiatan belajar mengajar). Teu heureut ngan nepi ka kitu waé, mangpaat pikeun guru bisa dijadikeun *alternatif* pangajaran jeung bisa jadi *référensi* dina milih bahan pangajaran tur bisa mikanyaho siswa dina ngalarapkeun tatakrama basa Sunda pikeun bahan évaluasi.

3) Pikeun Panalungtik

Mangpaat pikeun panalungtik nyaéta ieu panalungtikan bisa méré gambaran ngeunaan téhnik pangajaran dina ngaronjatkeun kamampuh ngagunakeun tatakrama basa Sunda dina nulis laporan lalampahan.

1.5 Raraga Tulisan

Ieu hasil panalungtikan nu mangrupa skripsi téh disusun jadi lima bab. Dina bab I dipedar ngeunaan kasang tukang masalah, watesan masalah jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, sarta raraga tulisan.

Dina bab II dipedar ngeunaan ulikan tiori, raraga mikir, jeung hipotesis panalungtikan.

Bab III eusina ngeunaan sumber data, disain panalungtikan, métode panalungtikan, wangenan operasional, instrumén panalungtikan, jeung téhnik ngumpulkeun data.

Dina bab VI dipedar ngeunaan hasil panalungtikan jeung pedaran. Bab pamungkas bab V eusina ngeunaan kacindekan jeung saran.

